



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11 PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU CHINATOWN NAN KAD 5YÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 20 MILYON DOLA A

Onz pwojè revitalizasyon anba lavil ap amelyore dinamis kiltirèl ak ekonomik epi ofri opòtinite pou sante, byennèt ak biznis

Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse onz pwojè transfòmatè nan Chinatown nan kad prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) 20 milyon dola a. Nan 5yèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) yo te gen opòtinite bay de kominote 10 milyon dola yo chak oswa bay yon sèl kominote 20 milyon dola. Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la te chwazi bay Chinatown yon prim 20 milyon dola an rekonesans efè espesifik ak grav pandemi an sou biznis yo nan Chinatownak pi gwo dyaspora Azyatik la nan Vil New York. Avèk pwojè revitalizasyon sa yo, kominote istorik sa a ka pwospere ankò epi ouvri koridò inik li yo, restoran, biznis, pak ak enstitisyon kiltirèl li yo, pou tounen, yon lòt fwa ankò, yon kote pou vizite ak selebre divèsite etnik kominote Chinatown nan Ba Kot Lès la.

"Anons sa a make yon moman istorik pou kominote Chinatown lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman enpòtan sa yo pral transfòme katye a epi kreye yon destinasyon ki pi dinamik ak pi atiran pou moun nan lokalite a ak vizitè yo, pandan y ap anrichi katye a nan amelyore sikilasyon a pye, aktivite ekonomik ak kiltirèl".

Chinatown se yon katye ki divèsifye nan aspè etnik nan Manhattan ki gen ladan pi gwo popilasyon Chinwa nan yon zòn iben andeyò Lachin, ansanm ak moun ki abite nan Amerik Latin, desandan Jwif Italyen ak Ewòp Lès ak lòt orijin. Kominote a fyè pou divèsite li yo ak gwo pake atraksyon kiltirèl, eksperyans ak sèvis Plan Envestisman Estratejik Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) Chinatown konsantre sou amelyore kalite lavi ak dinamik ekonomik pou rezidan yo ak vizitè yo epi bati sou istwa li kòm yon destinasyon kiltirèl. Atravè DRI a, Chinatown ap kreye pwèn repè akeyan, peyizaj lari ak espas piblik pou atire vizitè yo epi ankouraje plis sikilasyon a pye, ak aktivite ekonomik ak kiltirèl. Anplis de sa, prim yo pral etabli yon sant sante ak byennèt kominotè, bay gadri ak yon sant sipò pou fanmi, yon sant atizay gastwonomik ak yon sant akèy kiltirèl.

Investisman yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi nan rejyon sid eta a epi kreye plis opòtinite nan Vil New York. Se Depatman Eta k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè espesifik yo pral finanse atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou—amelyorasyon nan koneksyon peyizaj lari ak rasanbleman espas piblik; plis opòtinite pou sante, byennèt ak biznis; ak destinasyon ak ekipman kiltirèl amelyore. Investisman 20 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI pral ogmante investisman adisyonèl nan sektè piblik ak prive pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè presi yo ki pral finanse atravè DRI gen ladan:

Amelyore Koneksyon Peyizaj Lari ak Espas Rasanbleman Piblik

Renove Kimalu Square - Prim DRI: 5,000,000 dola

Agrandi espas piblik nan Kimlau Square pou sipòte yon pi gwo melanj nan evènman kominotè, atire vizitè nan katye a, epi bay espas ouvri nan kominote a.

Anbelisman Koneksyon Park Row ak Chinatown - Prim DRI: 4,000,000 dola

Aplike amelyorasyon kapital pou anbeli ak amelyore aksè nan Park Row soti nan Brooklyn Bridge rive nan Kimlau Square.

Modènize yon Seksyon nan Pak Sara D. Roosevelt - Prim DRI: 3,285,000 dola

Renove zòn pak yo pou elaji aksè nan espas piblik atiran, akeyan avèk syèj, lonbraj, ak zòn peyizaje pou kominote lokal plizyè jenerasyon.

Enstale Penti sou Mi ak Pwojeksyon Limyè atravè Chinatown - Prim DRI: 924,000 dola

Enstale twa penti sou mi ki pentire a gwo echèl, yon enstalasyon atistik pwojeksyon limyè, ak 30 penti sou mi nan kote enpòtan yo nan Chinatown.

Ogmante Lantèn Lari Light Up Chinatown - Prim DRI: 689,000 dola

Ogmante lantèn lari yo nan plizyè pati nan Chinatown sou kat faz pou eklere lari yo epi ankouraje plis sikilasyon a pye.

Ogmante Opòtinite pou Sante, Byennèt ak Biznis

Kreye yon Sant Sante ak Byennèt- Prim DRI: 1,000,000 dola

Etabli yon nouvo sant sante ak byennèt kominotè nan 60 Madison Street, ki ap ofri sèvis sante ak sante mantal bon kalite ak aksesib kiltirèlman.

Re-ouvri Gadri ak Sant Sipò pou Fanmi nan Smith Houses - Prim DRI 550,000 dola

Repare sant gadri ak sipò pou fanmi 4,700 pye kare nan Alfred E. Smith Houses NYCHA pou bay gadri ak lòt sèvis sipò.

Kreye yon Fon Modènizasyon Bilding - Prim DRI 1,000,000 dola

Etabli yon pwogram sibvansyon pou ede ti biznis ki egziste deja yo ak pwopriyetè bilding yo fè amelyorasyon nan pak imobilye lokal la.

Ranfòse Destinasyon Kiltirèl ak Ekipman yo

Kreye yon Ak/Pasrèl Akèy nan Chinatown- Prim DRI 2,500,000 dola

Bati yon ak pasrèl istorik pou komemore eritaj kiltirèl zòn nan epi atire vizitè nan katye a.

Etabli Pwogram Gastwonomi Azyatik nan New York - Prim DRI: 352,000 dola

Reyòganize yon kwizin 3,000 pye kare ki egziste deja pou sipòte fòmasyon pwofesyonèl ki espesyalize nan kwizin komèsyal Chinwa ak lòt kwizin Azyatik.

Etabli Sant Akèy Kiltirèl Chinatown - Prim DRI: 300,000 dola

Kreye yon espas rasanbleman kominotè pou transfè konesans ant jenerasyon yo ki gen rapò ak manje, atizay ak kilti.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Youn nan pi ansyen ak pi gwo katye Chinwa yo nan Etazini, Chinatown rich avèk istwa ak kilti. Abrite anpil biznis "fanmi", yo bay finansman pou ede pwopriyetè ti biznis ki egziste deja yo avèk amelyorasyon nan bilding ak enfrastrikti. Amelyorasyon nan espas piblik yo enkli anbelisman Park Row--pasrèl ki mennen nan Chinatown—ak agrandisman espas piblik nan Kimlau Square ak pak Sara D. Roosevelt. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, yo ap bay finansman tou pou etabli yon nouvo sant sante ak byennèt kominotè ki aksesib ak adapte sou plan kiltirèl. Divès kalite pwojè eksitan ak transfòmasyon yo reprezante yon apwòch global ki pral amelyore sante, kondisyon pou viv epi bay opòtinite ekonomik pou divès rezidan, travayè ak pwopriyetè biznis zòn nan. Felisitasyon pou kominote Chinatown lan".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan,

Hope Knight, te deklare, "Chinatown se yon pwonans repè pou Vil New York ak yon atraksyon pou touris, men li se yon katye dinamik tou ke anpil moun rele lakay yo. Pwojè DRI sa yo ranfòse ekonomi rejyonal la lè yo apiye sou istwa atistik ak kiltirèl zòn nan, pandan y ap asire tou ke Chinatown reponn a bezwen kalite lavi pou rezidan li yo, soti nan lojman rive nan espas vèt".

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,

"11 prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pou Chinatown nan Manhattan pral benefisye rezidan yo avèk plis aksè nan sèvis enpòtan yo epi ede katye a bati sou kilti ak istwa rich li pou atire nouvo vizitè epi sipòte kwasans biznis. Atravè investisman estratejik ki adapte pou satisfè bezwen lokal yo, Gouvènè Hochul ap travay pou devlope ti vil ak vil eta nou yo avèk nouvo opòtinite ekonomik ak amelyorasyon nan kalite lavi".

Senatè Eta a Brian Kavanaugh te deklare, "Chinatown se youn nan katye yo pi renmen ak istorik Vil nou an, epi li sèvi kòm yon sant kiltirèl enpòtan pou kominote Chinwa ak Chinwa Ameriken New York ak pou rezidan yo ak pwopriyetè ti biznis mwen fyè pou m reprezante yo. Anons jodi a sou onz pwojè transfòmasyon nan Chinatown nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) 20 milyon dola Eta nou an se yon bòn nouvèl ki pral ede ankouraje devlopman ekonomik ak touris nan zòn nan. Pwojè solid sa a se yon temwayaj sou vizyon solid ak devouman lidè ak òganizasyon kominotè pasyone Chinatown yo, epi mwen felisite yo pou travay di ak kolaborasyon yo nan inisyativ sa a. Non sèlman pwojè sa yo pral ede Chinatown nan efò rekiperasyon li yo, yo reyafime angajman Eta a pou rekiperasyon total ak renouvèlman apre pandemi an, sitou kote bezwen an pi gwo. Mwen te kontan mete ak Gouvènè Kathy Hochul ak Sekretè Deta Robert Rodriguez pou anonse fon sa yo, epi mwen remèsye yo pou angajman kontinyèl yo pou asire kominote nou yo jwenn soulajman yo bezwen ak merite".

Manm Asanble a Yuh-Line Niou te deklare, "Chinatown nan Manhattan se youn nan kominote pandemi an te plis frape. Kounye a, anpil biznis ap re-ouvri oswa kontinye operasyon esansyèl yo. Kominote nou an rezistan epi devlopman pwojè sa yo pral tounen pwen ankraj adisyonèl pou kominote nou an pandan n ap kontinye rekiperere epi fè fas ak lòt vag COVID. Mwen pa ka tann pou m travay avèk patnè kominotè nou yo ak ajans eta nou yo pou asire ke pwojè sa yo ap ede kominote nou an pwospere epi bay Chinatown resous lokal vital yo".

Manm Konsèy Christopher Marte te deklare, "Aprè plizyè deseni neglijan, nou kontan wè gwo investisman Gouvènè Kathy Hochul yo nan re-ouvèti Park Row. Antre Chinatown lan te fèmen pandan 20 ane, epi li te gen yon gwo enpak negatif sou sikilasyon a pye ak ekonomi lokal la. Pwojè sa a ansanm ak revitalizasyon Kimlau Square reprezante yon nouvo avni meyè pou sant Chinatown la".

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Mwen rekonesan anvè kantite lidè ak aktivis nan Chinatown ki te bay tan yo, ekspètiz ak kreyativite yo pandan ane pase a pou ede devlope yon plan investisman transfòmasyon pou lavni kominote sa a. Pwojè n ap anonse jodi a pral yon gwo kout pous pou espas piblik, vitalite ekonomik ak kalite lavi nan Chinatown. Sa a se vrèman yon moman istorik pou katye sa a".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York la, Winston Fisher, Patnè nan Fisher Brothers, ak Félix V. Matos Rodriguez, Rektè University of New York (CUNY), te deklare, "NYCREDC kontan wè ak sipòte elan pwojè sa yo reprezante, epi li kontan anpil pou sa yo pral vle di pou Chinatown. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon motè ekonomik ki transfòme sant vil inik yo nan amelyore yo nan yon fason ki gen sans estratejik pou chak kominote, ak pou vizitè ki apresye yo".

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire

reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418